



Pou Piblikasyon Imedya: 28/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

APRE AVANSMAN PWOJÈ OTOWOUT KENSINGTON ISTORIK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE DETAY ETID DEZYÈM FAZ LA PRAL KÒMANSE ANE SA A

Efò alavni pou plis rekonekte katye yo sou Otowout Kensington lan pral egzamine opsyon pou yon Otowout Scajaquada re-imagine nan Buffalo

Eta pral enkli travay ki te konplete pa Konsèy Transpò Rejyonal Greater Buffalo-Niagara

Aprè apwobasyon federal pou pwojè istorik Otowout Kensington lan pou avanse pou pi devan, Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon etid k ap vini pou yon dezyèm faz sou amelyorasyon potansyèl alavni nan koridò Otowout Kensington lan nan East Buffalo pral egzamine tou opsyon pou yon Otowout Scajaquada re-imagine nan Buffalo. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a pral kòmanse travay sou etid la nan fen ane sa a, pou evalye efè sikilasyon ak anviwònmanal nan nenpòt chanjman potansyèl nan tou de otowout yo. Etid la pral gen ladan tou yon analiz travay Konsèy Transpò Rejyonal Greater Buffalo-Niagara (Greater Buffalo-Niagara Regional Transportation Council, GBNRTC) avanse pou koridò Otowout Scajaquada, ke yo rele tou State Route 198. Gouvènè Hochul [te anonse](#) pou premye fwa etid la an fevriye 2024 pou asire pwogrè istorik ke yo fè pou rekonekte katye East Buffalo yo avanse odela limit aktyèl pwojè Otowout Kensington lan, ki pral kòmanse konstriksyon otòn sa a.

"Depi nan kòmansman an, pwojè Otowout Kensington lan te gen pou wè ak repare mal pase yo, epi apre plizyè deseni nan pale ak endesizyon, nou finalman bay rezilta kominote sa a merite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou kòmanse yon etid pou yon dezyèm faz, nou pran angajman pou nou eksplòre nouvo fason pou rekonekte kominote a sou Kensington epi avanse yon pi gwo vizyon ki gen ladann koridò Otowout Scajaquada ki lye a, pou amelyore li pou rezidan yo, vizitè yo ak otomobilis yo."

An fevriye, Gouvènè Hochul te mande Depatman Transpòtasyon Eta a pou kòmanse yon etid sou amelyorasyon potansyèl adisyonèl nan koridò Otowout Kensington lan, jiska Otowout Scajaquada ak Pak Delaware a, ki gen ladan yon nouvo vizyon pou yon Humboldt Parkway reyimagine. Kounye a etid sa a pral gen ladan tou yon evalyasyon konsèp Konsèy Transpò Rejyonal Greater Buffalo-Niagara (GBNRTC) ki te pwodwi an janvyè 2023 pou yon Otowout Scajaquada reyimagine.

Rapò GBNRTC a, ki te finanse pa Depatman Transpò Eta New York la, se te rezilta yon pwosesis planifikasyon kolaborasyon ki te kòmanse nan ane 2019, ki te evalye plizyè senaryo posib ak atikile yon opsyon prefere ki mande pou rekonfigirasyon Otowout Scajaquada an yon wout ki gen de vwa nan nivo sòl la ki retire tout ranp ki egziste deja pou ale ak pou soti nan otowout la, ki kreye yon nouvo pak ki pwolonje soti nan Niagara Street rive nan East Delavan Avenue.

Kòm yon pati nan etid li a, Depatman Transpò Eta a pral fè yon analiz detaye sou trafik epi idantifye efè sou rezo wout ki antoure a ak mezi potansyèl mitigasyon. Yo pral etidye tou efè ekonomik ak anviwònmanal, tankou kalite lè a ak bri. DOT Eta a pral kontinye angaje ak manm kominote yo epi koute enkyetid yo pou asire pi bon rezilta pou itilizatè koridò yo ak rezidan yo ki rele li lakay yo. Depatman Transpò Eta a pral dirije etid la, ki espere kòmanse nan fen ane sa a epi li pral fini nan fen 2027, an kowòdinasyon ak GBNRTC.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Vizyon Gouvènè Hochul literalman re-ekri pou tout bon liv istwa lejand ki long ak konplike Otowout Kensington lan. Depatman Transpò Eta a ap travay lajounen kou lannwit pou asire nou pare pou yon lansman otòn sa a nan pwojè Otowout Kensington lan, men travay nou an lwen pou l fini. Nouvo etid planifikasyon sa a pral ede nou trase yon chemen pou pi devan epi li enpòtan pou lavni Otowout Scajaquada a enkli nan pwosesis sa a."

Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare, "Moun Buffalo merite pwojè klas mondyal pou rekonekte kominote yo epi korije enjistis istorik yo. Mwen ankouraje atravè rekonesans ke plan aktyèl yo pou 33 yo se jis kòmansman yon pwosesis ki gen plizyè etap, epi yo dwe fè plis travay pou retire otowout ki divize pak Olmsted istorik nou yo epi retade avni katye Buffalo yo. Anplis de sa, nou bezwen wè plis pwogrè sou 198 la apre gwo travay GBNRTC a te fè, ki te dekri yon vizyon ki vrèman enteresan pou Koridò Scajaquada a. Buffalo te tann pandan anpil jenerasyon pou rezoud pwoblèm 198 ak 33 la te koze, epi nou bezwen avanse pi vit posib pou kòmanse pwojè ki pral reyalize objektif pèp Buffalo yo te mete devan yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou anons enpòtan jodi a."

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Komisè DOT Dominguez pou sipò yo pou yo wè vizyon kolektif nou an reyalize – pou avanse objektif ROCC pou rekonekte kominote yo ak pak yo. Nou pa ka tann pounou travay avèk GBNRTC pou rekonekte Humboldt Parkway, MLK ak Delaware Parks."

Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare, "Asire yon kalite lavi ki pi vèt pou rezidan yo nan vil Buffalo enpòtan epi li se yon priyorite pou administrasyon mwen an. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou sipò kontinyèl li nan East Buffalo ak katye yo atravè gwo vil nou an."

Direktè Egzekitif Konsèy Transpò Rejyonal Greater Buffalo Niagara Michael Finn te deklare, "GBNRTC remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou rekonekte kominote yo ki afekte yon fason negatif devlopman transpò nan rejyon Lwès New York la. Avanse efò planifikasyon Rejyon Santral GBNRTC a pou Koridò Scajaquada nan pwochen faz yo dekonsè ak plis planifikasyon koridò Kensington lan pral ogmante benefis tou de pwojè yo pou tout kominote a. Nou kontan anpil pou pwochen etap planifikasyon yo, ki pral mete baz pou avansman kominote a ki pral dire pou plizyè jenerasyon."

Etid la pral kontinye pandan travay la ap pwogrese sou pwojè Otowout Kensington ki pote transfòmasyon an. An fevriye 2024, Gouvènè Hochul te anonse ke Administrasyon Otowout Federal (Federal Highway Administration, FHWA) la te pibliye yon "Konklizyon ki Pa gen Enpak Siyifikatif" (Finding of No Significant Impact, FONSI), ki siyale fen pwosesis fòmèl revizyon anviwònman an epi ki pèmèt DOT eta avanse nan etap final konsepsyon yo epi kòmanse konstriksyon an nan otòn 2024 la.

Kòm yon pati nan efò sa yo, gen plan an plas pou Depatman Transpò Eta pral bay yon kontra ete sa a pou travay sou Best Street, ki pral pèmèt pwojè a kòmanse nan sezon otòn la. Kowòdinasyon pral kòmanse tou nan semèn k ap vini yo ak Vil Buffalo ak konpayi sèvis piblik yo pou asire ke akò sèvis piblik yo an plas anvan konstriksyon an ofisyèlman kòmanse.

Otowout Kensington lan ki te konstwi pandan ane 1950 ak 1960 yo, te ranplase sa ki te yon gran boulva twa vwa - Parkway istorik Humboldt la ke Frederick Law Olmsted te konsevwa - ak yon otowout anba tè ki te koupe koneksyon ant katye ki ozanviwon yo nan East Buffalo. Pou korije mal enjistis istorik sa a ak enpak dirab li, Gouvènè Hochul te rezève jiska 1 milya dola pou pwojè a, ki gen ladan l bay nouvo espas vèt pou rekonekte kominote a.

Pwen enpòtan yo pwopoze yo enkli:

- Ranplasman otowout souteren an avèk yon tinèl sis vwa ki mezire 4,150 pye longè ant Dodge Street ak Sidney Street
- Kreyasyon yon medyan ki gen 90 pye lajè, ki gen pye bwa sou tèt tinèl la, ki bay apeprè 4 kawo tè edmi pou nouvo espas vèt ki aksesib pou piblik la
- Rekonstriksyon Humboldt Parkway pandan l ap aplike karakteristik konsepsyon wout "Lari Konplè".
- Reyabilitasyon 14.5 km lari lokal, ki gen ladan refè sifas ak ranplasman twotwa yo, bòdi yo, tabliye antre yo, ekleraj, pano ak plante nouvo pye bwa jan sa nesesè
- Ranplasman Best Street Bridge ak kreyasyon yon wonpwen nan echanjè Best Street la

Dènye enfòmasyon sou pwojè a, tankou [Kesyon yo Poze Souvan](#) (Frequently Asked Questions), disponib sou [sit entènèt pwojè a](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)